



Pou Piblikasyon Imedya: 03/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE YON ENVESTISMAN REKÒ POU SOVE MTA A EPI SEKIRIZE ESTABILITE ALONTÈM POU TRANSPÒ PIBLIK LA**

*Bidjè Ane Fiskal 2024 la ap sove MTA a kont "Falèz Fiskal" ki prezante a atravè yon taks mobilite salaryal ki ajiste ak kontribisyon Vil New York yo ki ogmante*

*MTA pral lanse yon pwojè pilòt senk pakou otobis gratis nan Vil New York epi fè investisman pou ogmante sèvis metwo a pandan mitan jounen an nan jou lasemèn, lannwit lasemèn yo, ak nan wikenn*

*Sistèm transpò piblik ki pa MTA yo pral resevwa apeprè 1 milya dola finansman*

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a gran pwèn sou transpò piblik Bidjè Ane Fiskal 2024 la. Bidjè a enkli gwo chanjman ki enpòtan nan fason nou sipòte transpò piblik atravè New York epi pou rann sistèm transpò nou an pi an sekirite epi pi fyab. Bidjè sa ap bay MTA - pi gran sistèm transpò piblik nan peyi a tou - yon plan finansye alontèm ki estab, pandan l ap kontinye rebondi apre pandemi COVID-19 la.

"MTA se san ki bay lavi Vil New York, nou te fè pwogrè ekstraòdinè pou remete pakou yo nan nivo anvan pandemi an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Ak Bidjè sa, MTA ap gen resous li bezwen pou kontinye sèvi Nouyòkè yo pou ane k ap vini yo. Mwen bat bravo pou Lidè Majouritè a Stewart-Cousins ak Prezidan Heastie pou pwosesis nan kolaborasyon sa k ap bay estabilite a sistèm transpò piblik nou yo epi rann li klè ke Nouyòkè yo merite aksè nan transpò piblik ki fyab, kèlkeswa kòd postal yo."

Gouvènè Hochul te travay san pran souf ak patnè yo nan MTA, Vil New York, ak Eta a pou ranfòse estabilite fiskal alontèm MTA, pandan l ap asire pwogrè kontini nan sekirite pasaje yo. Bidjè a genyen ladan l:

- Mizanplas plis pase **400 milyon dola** nan efikasite operasyon MTA pou diminye depans yo ak amelyore sèvis bay kliyan yo.
- Ogmante pousantaj Taks sou Mobilite Salaryal (Payroll Mobility Tax, PMT) ki pi wo yo, k ap jenere **1.1 milya dola** anplis chak ane.
- Ogmante pòsyon finansman Vil New York pou sèvis para-transpò yo jiska 2025, k ap jenere apeprè **165 milyon dola** chak ane.
- **300 milyon dola** nan èd Eta ap bay yon sèl fwa pou adrese enpak pandemi an sou revni operasyon MTA yo.

- **35 milyon dola** investisman pou amelyore sèvis metwo a nan mitan jounen an lasemèn, nan wikenn ak lannwit lasemèn yo.
- **65 milyon dola** pou diminye ogmantasyon tarif yo pwopoze pou MTA A soti 5.5 pousan a 4 pousan.
- **35 milyon dola** investisman nan sekirite pou pwoteje pasaje yo.
- Konsakre **1.5 milya dola** pou frè lisans si yo bay twa lisans kazino nan anba lavil eta a, ak yon pòsyon **231 a 413 milyon dola** nan resèt fiskal anyèl ki ajoute nan kazino pou operasyon MTA yo.
- **15 milyon dola** pou finanse yon pwogram pilòt ki bay **senk pakou bis gratis** nan Vil New York.

Anplis, Gouvènè Hochul ap pran mezi pou pwoteje pasaje yo lè li elaji pwogram Kontwòl Otomatik Vwa ki Rezève pou Otobis Vil New York la (Automatic Bus Lane Enforcement, ABLE) pou kouvri vyolasyon siplemantè ki fè obstak nan vwa ki rezève pou bis yo. Sa ap amelyore sèvis bis la pou pasaje yo epi diminye pwobabilite pou gen aksidan.

Bidjè Ane Fiskal 2024 la apiye tou investisman rekò nan transpò piblik Gouvènè Hochul la, lè li fè yon nouvo kontribisyon istorik pou ogmante aksè ak abòdabilite nan transpò piblik nan tout eta a pandan l ap amelyore sekirite piblik nan tren, otobis, ak metwo yo atravè eta a.

- **9.4 milya dola** nan sipò pou fonksyonman transpò piblik la, ki enkli **829 milyon dola** sipò fonksyonman pou sistèm transpò piblik ki pa MTA yo.
- **1.3 milya dola** pou yon Estasyon Penn Station ki mete pasaje yo an premye, sant transpò ki pi frekante nan Emisfè Lwès la.
- **20 milyon dola** pou elektrifikasyon otobis pou sistèm transpò piblik ki pa MTA yo, **ak 20 milyon dola** pou reyabilite ray limyè NFTA a.

Bidjè Ane Fiskal 2024 la kontinye livre angajman Gouvènè Hochul te fè yo tou lè li tabli yon pwogram imobilizasyon nan domèn transpò sou senk an nan ane ki pase a.

- Apeprè **7.1 milya dola** pou dezyèm ane nan yon Plan imobilizasyon Kapital **32.9 milya dola** rekò, sou senk an, pou amelyore otowout, pon, ray tren, enfrastrikti avyasyon, transpò ki pa MTA, ak enstalasyon DOT yo ki genyen ladan l **1.3 milya dola** pou wout ak pon lokal yo.
  - Sa enkli yon **100 milyon dola** siplemantè pou pwogram lokal yo, ki enkli **60 milyon dola** pou Pwogram Amelyorasyon Ri ak Otowout Lokal Konsolide a (Consolidated Local Street and Highway Improvement Program, CHIPS) ak **40 milyon dola** pou itinerè touristik eta yo.

###